

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia mangrupa nagara nu kawangun ku rinéka sélér nu béda-béda, tangtu waé unggal daérah miboga ciri has séwang-séwangan. Unggal sélér tangtu miboga ide kréativitas atawa inovasina pikeun nyumponan pangabutuh hirupna. Éta hal téh ngajanggélék jadi hiji beungkeutan nu mangrupa karya, cipta, jeung rasa manusa nu disebut kabudayaan sarta ngawujud dina wangun gagasan (sawangan manusa), aktivitas (kabiasaan), jeung artéfak (J.J Hoeningman dina Sulasman, 2013, kc. 35).

Salasahiji sélér nu kawilang loba budayana nya éta masarakat Sunda. Masarakat Sunda beunghar ku rupaning kabudayaan boh dina wangun lisan boh dina wangun tulisan. Salasahiji kabudayaan Sunda dina widang tinulis nyaéta naskah. Kecap naskah asalna tina basa Arab (*al-makhtūtāt*) nu dihartikeun: *al-kutub al-maktubah bil yad* (buku nu dihasilkeun tina tulisan leungeun), jeung *manuscript* (basa Inggris) nu dihartikeun: *a book, document, or other composition written by hand* (buku, dokumén, atawa nu séjénna hasil tulisan leungeun). Kecap *manuscript* asalna tina basa Latin nu hartina ‘tulis tangan’ (Fathurahman, 2016, kc. 22). Sedengkeun naskah nurutkeun Suryani, (2012, kc. 47) nyaéta benda konkret nu bisa ditingali atawa dicekel. Ruhaliah (2012) nétélakeun yén naskah nyaéta kabeungharan budaya masarakat Nusantara, nu ngawengku ajén-ajén kahirupan jeung adat-istiadat masarakat nu bogana, dina mangsa éta naskah ditulis. Tina sababaraha pedaran ahli di luhur, bisa dicindekkeun yén naskah téh nya éta kabeungharan budaya masarakat Nusantara nu ditulis ku leungeun tur bisa ditingali atawa dicekel.

Rupa-rupa aksara anu kungsi dipaké pikeun nuliskeun téks naskah-naskah Sunda nyaéta aksara Sunda Kuno, Buda (Gunung), Jawa-Sunda (Cacarakan), Arab (Pégon), jeung aksara Latén. Disebut aksara Jawa-Sunda (Cacarakan) sabab éta aksara téh asalna tina aksara Jawa, tapi geus dibasajankeun diluyukeun jeung sora basa Sunda. Disebut aksara Arab (Pégon) sabab éta aksara téh nya aksara Arab, tapi dibasajankeun jeung diluyukeun jeung kapentingan éjahan basa Sunda (Ruhaliah,

2020, kc. 67). Ditilik tina jihat kuantitasna, naskah Sunda lolobana ditulis ngagunakeun aksara Pégon. Bisa dibédakeun antara naskah pedalan pasantrén jeung naskah pedalan sakola “pamaréntah”. Ilaharna naskah pedalan pasantrén mah ngagunakeun aksara Pégon, sedengkeun naskah nu ditulis ku aksara Cacarakan mah ditulisna ku kaum ménak (Ekadjati jeung Undang dina Ruhaliah, 2012, kc. 1).

Kiwari, naskah geus teu pati dipikawanoh, tara dibaca jeung bisa jadi teu pernah kadéngé deui ngaranna. Éta hal bisa dicukanglantaranan ku tulisan naskahna nu heubeul (kaasup aksara Pégon) nu kadang teu merhatikeun perkara spasi antarkecap atawa tanda bacana. Suryani (2012, kc. 70) nétélakeun yén téks dina naskah heubeul teu merhatikeun spasi antarkecap, éjahan, jeung tanda baca ku sabab tulisan-tulisanna heubeul (saperti hurup Pégon) henteu mikawanoh hurup kapital atawa hurup leutik, sarta henteu merhatikeun spasi antarkecap, éjahan katut tanda bacana, jeung sajabana. Ku kituna, naskah jadi hésé dibaca.

Lian ti kitu, naskah ogé geus mimiti laleungitan, boh bungkeuleukanana boh ma'na dina eusi éta naskahna. Leungitna naskah bisa dicukanglantaranan ku sababaraha hal, diantarana waé kurangna kasadaran masarakat kana naskah, ruksakna tempat neundeun naskah, ruksakna keretas pikeun nulis naskah, jrrd. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Koswara & Permana (2019, kc. 25) yén kondisi naskah Sunda téh geus bobo nepi ka teu kabaca deui jeung bisa jadi naskah téh ruksak ku rinyuh ogé ku waktu. Padahal dina eusi naskah téh bisa waé medar ngeunaan sababaraha hal nu penting pikeun kahirupan masarakat jaman kiwari. Upamana waé ngawengku sajarah, sastra, pangaweruh kaagamaan, ubar tradisional, pangaweruh kanagaraan, jrrd. Sakumaha nu disebutkeun ku Saraswati (2017), yén eusi tina naskah atawa dokumén tinulis téh bisa méré informasi aspék budaya bangsa ti masarakat dina mangsana. Éta informasi téh ngawengku widang filsafat, kahirupan agama, kapercayaan, masalah-masalah téhnik, jsb.

Naskah katut eusina perlu pisan dijaga tur disalametkeun. Salasahiji tarékahna nya éta ngaalihaksarakeun éta naskah kana aksara nu bisa dibaca ku jalma réa. Ngalihaksarakeun wungkul teu cukup lamun eusi tina éta naskah teu diguar. Ngaguarna bisa ditilik tina sababaraha jihat sawangan. Achdiati dina Fathurahman (2016, kc. 12) nétélakeun yén studi naskah heubeul kacida pentingna pikeun

ngeuyeuban pangaweruh sosial budaya, nu bisa jadi salasihiji cara pikeun mikawanoh jati diri bangsa.

Élmu nu nalungtik ngeunaan naskah nyaéta filologi. Filologi nyaéta élmu ngeunaan kamekaran budaya hiji bangsa nu ngawengku basa, sastra, seni, jeung sajabana (Santoso, spk., 2005, kc. 22). Ruhaliah (2020, kc. 1) nétélakeun yén filologi mangrupa élmu pangaweruh nu patali jeung studi téks sastra atawa budaya, atawa patali jeung kasang tukang budaya nu aya dina éta téks. Naskah-naskah nu kapanggih di tatar Sunda, eusina rupa-rupa kayaning kaagamaan, sastra, sajarah, ubar-ubaran tradisional, jeung réa-réa deui. Salasihiji naskah kaagamaan nya éta naskah “Siti Jaojah”. Ieu naskah ditulis maké aksara Pégon, basa nu digunakeunna basa Sunda. Lantaran kitu, teu sakabéh jalma bisa maca ieu naskah. Ku kituna, sangkan eusi naskah bisa dibaca tur eusina dipikapaham ku balaréa, éta naskah téh kudu ditalungtik. Salasihiji cara nalungtikna nya éta ku cara transliterasi téa. Naskah “Siti Jaojah” téh kawangun ku caritaan nu dinarasikeun. Ieu naskah ngabogaan mangpaat nu loba pikeun nu macana, diantaranya waé bisa ngabeungharan kandaga kecap, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra heubeul, ogé lian ti kitu bisa dijadikeun pituduh pikeun ngalakonan hirup kumbuh di Sunda. Eusi carita ieu naskah téh bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun kahirupan. Rupaning ajén kahirupan nu aya dina eusi éta naskah bisa dipaké pikeun cecekelan jalma jaman kiwari, salasihijina nyaéta ajén kaagamaan nu geus mimiti teu kapaliré deui.

Naskah “Siti Jaojah” téh mangrupa naskah genre wawacan, ku sabab caritaanana dinarasikeun tur ditulis dina wangun pupuh. Wawacan kawangun ku sababaraha pupuh nu silih genti luyu jeung adegan atawa épisode caritana. Pupuh nu digunakeunana gé teu ukur hiji, diantaranya: dangdanggula, sinom, pangkur, kinanti, pucung, maskumambang, mijil, jeung wirangrong. Téks wawacan ilaharna mah paranjang kusabab eusina mangrupa carita nu tokohna rélatif loba (Ruhaliah, 2018, kc. 11).

Tina caritaan naratif éta, tokoh utama “Siti Jaojah” digambarkeun salaku wanoja nu tuhu kana aturan agama, ogé gugon kana paréntah nu jadi salakina. Éta sikep téh bisa dijadikeun acuan pikeun medar ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina eusi naskah. Pikeun nyangkem ma’na jeung amanat sarta ajén kaagamaan nu aya

dina eusi naskah “Siti Jaojah”, Christomy (2003, kc. 34) nétélakeun yén wawacan salaku téks naratif geus sakuduna ditilik tina jihad galur, motif carita, palaku, latar, jeung téma.

Panalungtikan ngeunaan naskah lain panalungtikan nu munggaran, saméméhna geus aya nu nalungtik ogé. Diantarana: “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulikan Filologi)” ku Sudrajat (2016), “Nilai Keagamaan Naskah Guguritan ‘Dangdanggula Nu Jadi Mamanis’ Karya Kalipah Apo” ku Meilinda (2019), “Naskah Wawacan Said Saman pikeun Bahan Pangajar an Maca Wawacan di SMA Kelas XI (Ulikan Filologi jeung Struktural) ku Ayuningsih (2018), “Ajén Budaya jeung Agama dina Naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad SAW (Ulikan Filologi)” ku Fathurahmah (2018), “Nilai Keagamaan dalam Wawacan Babad Salira” ku Yunidawati (2019), jrrd.. Ieu naskah can kungsi ditalungtik saméméhna. Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré informasi nu mangpaat pikeun masarakat atawa panalungtik nu séjénna, hususna ngeunaan hal ajén kaagamaan. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah “Siti Jaojah” (Uikan Filologi)”.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Maslah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu ditalungtik téh ngawengku transliterasi, struktur, sarta ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah “Siti Jaojah”. Dina transliterasina, ngaalihaksarakeun eusi tina naskah “Siti Jaojah” sangkan ajén kaagamaanna bisa diguar.

Nurutkeun kana objék panalungtikan, sangkan pedaran teu lega teuing ambahanana, masalah panalungtikan diwatesanan ngawengku kana hal nu aya patalina jeung kajian naskah.

- 1) Transliterasi naskah “Siti Jaojah”.
- 2) Struktur formal jeung naratif naskah “Siti Jaojah”.
- 3) Ajén kaagamaan dina naskah “Siti Jaojah”.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, bisa dirumuskeun sababaraha masalah saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha transliterasi naskah “Siti Jaojah”?

Sasti Ameliawati, 2021

TRANSLITERASI JEUNG AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH “SITI JAOJAH” (ULIKAN FILOLOGI JEUNG STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Kumaha struktur formal jeung naratif naskah “Siti Jaojah”?
- 3) Naon waé ajén kaagamaan nu aya dina naskah “Siti Jaojah”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan sacara umumna mah pikeun ngamumulé budaya Sunda utamana dina wangun naskah ogé pikeun mikanyaho eusi tina naskah “Siti Jaojah” ngaliwatan transliterasi katut ajén-ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina éta naskah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- a. ngaalihaksarakeun naskah “Siti Jaojah”;
- b. ngadéskripsikeun struktur formal jeung naratif naskah “Siti Jaojah”;
- c. ngadéskripsikeun ajén kaagamaan nu aya dina naskah “Siti Jaojah”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan téh nya éta dipiharep bisa nambahan pangaweruh tina naskah nu ditransliterasi sarta méré pangaweruh kana ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina naskah “Siti Jaojah”.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. pikeun panalungtik, bisa ngajembaran paélman tina hasil panalungtikan nu digarap, sarta bisa apal kana eusi naskah “Siti Jaojah” katut ajén kaagamaanana nu nyangkaruk dina éta naskah;
- b. pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun data pikeun panalungtikan nu satuluyna.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun ngamumulé warisan budaya karuhun Sunda saperti naskah wawacan nu miboga ajén luhung.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré sumbangsih dina mantuan transliterasi naskah, ogé bisa ngarojong aktivis kasundaan pikeun

ngainventarisasi naskah nu sumebar di masarakat sangkan bisa dimumulé kalawan bener.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi kawangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun pikeun jadi dadasar sarta pangdeudeul dina ieu panalungtikan, di antarana waé medar tiori filologi, transliterasi, struktural, wawacan, jeung ajén kaagamaan.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu eusina nya éta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan transliterasi, struktur formal jeung naratif naskah “Siti Jaojah”, jeung ajén kaagamaan naskah “Siti Jaojah”.

Bab V Kacindekan jeung Saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.